

**Translated Test Directions**  
**Online Test Administration Manual**  
**Test Administration Script Supplement**  
**Language: Haitian Creolle**

**Paj 48**

**10.1 Kòmanse yon Sesyon Tès**

**DI:** Jodi a, ou pral fè tès Smarter Balanced [NON TÈS LA (NAME OF TEST) (pa egzanp, Tès Adaptatif sou Konpitè Etid Lang Anglè Klas 4yèm Ane)]. Ou pral resevwa yon ID sesyon tès ki nesèsè pou kòmanse tès la. Anvan ou konekte, ann repase kèk règ pou tès yo.

Ou dwe reponn chak kesyon sou ekran an anvan seleksyone SUIVAN (NEXT). Si ou gen dout pou yon repons, mete sa ou panse ki pi bon repons lan. Si w ta renmen revize repons sa yon lòt lè, make kesyon ou vle revize a anvan w ale nan pwochen kesyon an. Ou ka retounen epi ou chanje repons lan pandan sesyon tès sa a.

Ou ka fè yon poz nan nenpòt moman nan tès la; pou fè sa, chwazi POZ (PAUSE) olye ou chwazi SUIVAN (NEXT) apre ou fin reponn yon kesyon. Tanpri leve men w si w bezwen yon brek epi mande pèmisyon anvan w chwazi POZ (PAUSE).

**DI:** Jodi a, ou pral fè tès Smarter Balanced [NON TÈS LA (NAME OF TEST) (pa egzanp, Tès Adaptatif sou Konpitè ELA Klas 4yèm Ane)]. Ou pral resevwa yon ID sesyon tès ki nesèsè pou kòmanse tès la. Anvan ou konekte, ann repase kèk règ pou tès yo.

Ou dwe reponn chak kesyon sou ekran an anvan seleksyone SUIVAN (NEXT). Si ou gen dout pou yon repons, mete sa ou panse ki pi bon repons lan. Si w ta renmen revize repons sa yon lòt lè, make kesyon ou vle revize a anvan w ale nan pwochen kesyon an. Ou ka retounen epi ou chanje repons lan pandan sesyon tès sa a.

Ou ka fè yon poz nan nenpòt moman nan tès la; pou fè sa, chwazi POZ (PAUSE) olye ou chwazi SUIVAN (NEXT) apre ou fin reponn yon kesyon. Tanpri leve men w si w bezwen yon brek epi mande pèmisyon anvan w chwazi POZ (PAUSE).

**Paj 49**

**DI:** Repons ou yo dwe se pwòp travay ou. Tanpri kenbe je ou sou pwòp tès ou, epi sonje, pa dwe gen pale. Si ou gen yon telefòn selilè, smatwatch, oswa lòt aparèy elektwonik ki pa apwouve, tanpri leve men ou epi m ap ranmase aparèy la anvan tès la kòmanse.

Si ou fini tès la bonè, tanpri leve men ou epi chita byen trankil.

**DI:** Kounye a, nou pare pou nou konekte. Depi ou fin konekte w, ou pral gen pou ou tann pou m apwouve tès la anvan w kòmanse. Mwen pral tcheke si ou te mete ID sesyon tès la kòrèkteman ansanm ak lòt enfòmasyon yo.

Mete prenon legal ou, pa mete non jwèt ou, epi apre sa mete nimewo SSID ou. Apre sa, mete ID sesyon tès la. Leve men ou si ou bezwen èd pou w tape enfòmasyon sa yo sou klavye ou.

Kounye a, seleksyone KONEKTE (SIGN IN). Depi ou te konekte avèk siksè, ou pral wè yon ekran ki gen prenon ou ak lòt enfòmasyon ki konsène ou. Si tout enfòmasyon yo ki sou ekran ou an kòrèk, chwazi WI (YES) pou w kontinye. Si nenpòt nan enfòmasyon yo pa kòrèk, tanpri leve men w epi montre m kisa ki pa kòrèk la.

## Paj 51

**DI:** Kounye a, ou pral wè yon ekran ki mande pou w verifye domèn kontni ak reglaj tès ou an. Si tout enfòmasyon yo kòrèk, ou ka chwazi WI, KÒMANSE TÈS MWEN (YES, START MY TEST). Si nenpòt nan yo pa kòrèk, tanpri leve men ou.

### [Yo dwe fè lekti sa ki annapre a pou tès ELA sèlman]

**DI:** Apre sa, ou dwe wè yon ekran ki mande pou w verifye si son an fonksyone sou konpitè ou an. Mete kask ou yo epi chwazi ikòn opalè a nan sèk la pou w tande son an. Si w tande son an, chwazi WI (YES). Si ou pa tande l, leve men ou.

**DI:** Anvan tès ou an parèt, ou pral wè yon paj leson eksplikasyon ki bay lis zouti ak bouton tès ou gendwa itilize pandan tès la oswa ki pral parèt sou tès la. Pou jwenn enfòmasyon sa yo tou pandan tès ou an, ou ka chwazi bouton ÈD (HELP) la.

Lè w pare pou w kòmanse tès ou an, chwazi KÒMANSE TÈS LA KOUNYE A (BEGIN TEST NOW) nan anba paj la.

## Paj 52

### Enstriksyon pou Elèv yo Pandan Tès la

**DI:** Li enpòtan pou ou fè tout sa ou kapab. Èske ou bezwen mete tès la sou poz epi pran yon poz?

## Paj 53

**DI:** Eseye tout sa ou kapab epi chwazi repons ki gen plis sans lan pou ou. Si ou pa sèten sou fason yon kesyon fonksyone, ou ka revize yon leson anpatikilye lè w chwazi bouton "i" ki sou bò dwat ekran an.

**DI:** Nou toupre fen sesyon tès sa a. Tanpri repase repons ou yo, sa gen ladan nenpòt kesyon ou te make pou revize kounye a. Pa soumèt tès ou an sòf si ou te reponn tout kesyon yo.

### [Yo dwe fè lekti sa ki annapre la a pou pati ELA CAT sèlman]

**DI:** Si w ap travay sou yon seri kesyon pou yon pasaj lekti, tanpri fini tout kesyon yo ki nan seri a.

### [Yo dwe fè lekti sa ki annapre la a pou tout tès yo]

**DI:** Si ou bezwen plis tan, fè m konnen sa.

## Paj 54

**DI:** Sesyon tès sa a fini kounye a. Si ou pa fini, chwazi POZ (PAUSE), epi w ap kapab fini yon lòt lè.

**[Yo dwe fè lekti sa ki annapre la a pou pati Tès Adaptatif sou Konpitè sèlman si longè tan pou poz tès la plis pase 20 minit, pa egzanp, elèv la pral kontinye fè tès la yon lòt jou]**

**DI:** Sonje byen, si w pa fini epi ou bezwen mete tès ou an sou poz pandan plis pase 20 minit, ou p ap kapab retounen nan kesyon yo ki nan sesyon tès sa a, sa gen ladan tou kesyon ki make pou revize yo. Ou p ap gen aksè nan nòt ou te antre nan Blòk Nòt Dijital la nonplis.

**DI:** Si ou te reponn tout kesyon yo nan tès ou an epi ou fin repase repons ou yo, chwazi SOUMÈT TÈS (SUBMIT TEST). Kounye a mwen pral ranmase tout papyè bwouyon oswa lòt materyèl yo.

**[Yo dwe fè lekti sa ki annapre la a pou pati travay pèfòmans pou elèv ki pral kontinye fè tès la yon lòt jou]**

**DI:** Tanpri ekri non w sou papyè bwouyon w lan si w pa fini avèk travay pèfòmans lan. Mwen pral ranmase li pou itilize pandan pwochen sesyon tès la.

**DI:** Si ou te reponn tout kesyon yo nan tès ou an epi ou fin repase repons ou yo, chwazi SOUMÈT TÈS (SUBMIT TEST).

Kounye a mwen pral ranmase tout papyè bwouyon oswa lòt materyèl yo.